



Pou Piblikasyon Imedya: 20/06/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ENVESTISMAN 300 MILYON DOLA POU FÈ PWOJÈ ENFRASTRIKTI DLO ABÒDAB ATRAVÈ ETA NEW YORK

Apwobasyon asistans finansye otorize aksè Minisipal ak kapital yo bezwen pou pwojè ki redui risk pou sante piblik ak amelyore kalite dlo

Finansman ekipe kominote yo pou yo investi yon fason abòdab nan amelyorasyon enfrastrikti pou sove lavi epi asire Nouyòkè yo gen aksè ak dlo pwòp, san danje

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Konsèy Administrasyon Kòporasyon Enstalasyon Anviwònmanal (Environmental Facilities Corporation, EFC) la apwouve plis pase 300 milyon dola nan asistans finansye pou pwojè amelyorasyon enfrastrikti dlo yo atravè Eta New York. Apwobasyon Konsèy la otorize aksè minisipal nan finansman nan pri ki ba ak sibvansyon ki te anonse anvan pou fè inogire pwojè enfrastrikti dlo ak egou enpòtan yo, tankou pwosesis tretman pou retire kontaminan k ap parèt nan dlo potab yo.

"Aksè ak dlo pwòp san danje enpòtan anpil pou konstwi kominote vibran ak an sante atravè New York", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Eta New York ap bay gwo asistans finansye pou asire kominote nou yo ka investi nan enfrastrikti dlo yo pou pwoteje resous natirèl vital nou yo, pandan y ap diminye depans yo epi fè pwojè sa yo abòdab pou kontribiyab yo ki konte sou yo pou yo jwenn dlo potab."

Finansman ki apwouve jodi a pou 20 pwojè yo gen ladan l'investisman enpòtan nan Lwa federal Bipatit sou Enfrastrikti (Bipartisan Infrastructure Law, BIL), Fon Renouvlab Eta (State Revolving Funds, SRFs), ak pwogram sibvansyon pou Amelyorasyon Enfrastrikti Dlo (Water Infrastructure Improvement, WIIA) Eta a. An patikilye, yo te apwouve Vil Auburn nan Konte Cayuga pou resevwa plis pase 91 milyon dola nan men BIL ak WIIA pou amelyorasyon enpòtan nan izin tretman dlo ize vil la ki te konstwi an 1935. Pwojè a pral amelyore sistèm lan ki pase dire lavi itil li, amelyore kalite dlo nan basen vèsan Great Lakes ak avanse jistis anviwònmanal yon kominote defavorize.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Kòporasyon Etablisman Anviwònmanal (Environmental Facilities Corporation, EFC) la, Maureen A. Coleman, te deklare, "Anba lidèchip Gouvènè Hochul, Eta New York ak ekipe kominote yo pou yo investi

nan amelyorasyon enfrastrikti k ap sove lavi yo epi asire tout Nouyòkè yo gen aksè a dlo pwòp e pwòp. EFC fè efò pou bay kominote yo solisyon kreyatif epi asire ke pwojè enpòtan yo abòdab pou kontribiyab lokal yo."

Komisè pa enterim Depatman Prezèvasyon Anviwònmanal Eta New York la, Sean Mahar, te deklare, "Gouvènè Hochul kontinye fè investisman jenerasyonèl nan amelyore enfrastrikti dlo Eta New York la. Anons jodi a sou disponiblite plis pase 300 milyon dola pou pwojè enfrastrikti dlo bay finansman enpòtan pou minisipalite yo k ap fè amelyorasyon pou adrese kontaminan k ap parèt yo ak lòt menas pou dlo pwòp. Eta New York ap kontinye bay dlo pwòp pou bwè priyorite epi patenarya DEC ak EFC sou opòtinite finansman sa a ak lòt pral avanse amelyorasyon enfrastrikti efikas ki pote benefis ki dire lontan pou Nouyòkè yo."

Komisè Sante Eta New York la, Doktè James McDonald, te deklare, "Sa a se yon lòt egzanzp angajman Gouvènè Hochul pou pwòp vwa navigab yo ak dlo potab pou tout Nouyòkè yo. Nou kontan wè asistans finansye sa a bay minisipalite yo pou yo ka kòmanse konstriksyon sou pwojè ki pral pwoteje dlo pou rezidan yo epi pwoteje sante piblik la."

Sekretè Deta Walter T. Mosley, te deklare, "Anba lidèchip Gouvènè Hochul ak sipò finansye kontinyèl, kominote yo ap konstwi enfrastrikti dlo ki pi solid, ki pi rezistan ki pral benefisyè jenerasyon Nouyòkè prezan ak jenerasyon k ap vini yo. Investisman enpòtan sa a pral ede kominote yo atravè Eta a finanse pwojè ki nesèsè yo ki pa sèlman amelyore kalite dlo pou rezidan yo, men ki fè avanse jistis anviwònmanal, sipòte devlopman ekonomik ak konbat chanjman klimatik nan kominote ki istorikman defavorize yo."

Lidè Majorite Sena a, Chuck Schumer, te deklare, "Soti nan Cayuga rive nan Konte Sullivan, fon sa yo ap soti nan Lwa sou Investisman & Travay pou Enfrastrikti Bilateral (Bipartisan Infrastructure Investment & Jobs Act) la pou asire dlo potab ki san danje epi ki pwòp pou fanmi ak kominote yo atravè New York. Gwo investisman federal sa a pral amelyore sistèm dlo ak egou nan chak kwen Empire State la epi ede asire dlo potab pwòp pou kominote nou yo. Sa vle di tou travay, travay, travay, ki edifye kominote nou yo ak estimile ekonomi an ak pwojè ki te dwe fèt depi lontan pou fè dlo New York yo vin pi an sante ak pi pwòp. Mwen fyè pou m bay finansman federal enpòtan sa a avèk Gouvènè Hochul pou chanje enfrastrikti dlo New York ki aje a epi kenbe sistèm dlo nou yo an sekirite epi pwòp pou tout Nouyòkè yo."

Senatè Eta Kirsten Gillibrand te deklare, "Aksè ak dlo san danje ak pwòp se yon dwa esansyèl ke tout Nouyòkè merite. Investisman 300 milyon dola sa a pral finanse pwojè enfrastrikti dlo enpòtan yo pou amelyore kalite dlo epi ede pote dlo pwòp ak sandanje pou tout kay atravè Eta New York. Mwen fyè dèske m te goumen pou m pase Lwa sou Enfrastrikti Bilateral la k ap finanse anpil nan pwojè sa yo, e m ap kontinye goumen pou resous ki nesèsè pou amelyore sante piblik la epi bay Nouyòkè yo aksè fyab ak dlo pwòp."

Administratè Rejyonal EPA, Lisa F. Garcia, te deklare, "Li bèl anpil pou nou wè Eta New York ap envesti nan pwojè enfrastrikti dlo enpòtan atravè eta a, gras ak finansman ki soti nan Lwa sou Enfrastrikti Bilateral ak Fon Renouvlab Eta EPA istorik la. Pwojè sa yo bay dlo pwòp epi kreye travay pou yon avni ki pi vèt. Envestisman sa yo pral benefisye kominote New York yo, ki gen ladann kominote ki istorikman pa jwenn ase sèvi yo pou jenerasyon k ap vini yo."

Apwobasyon Konsèy la enkli finansman atravè [Fon Woulman Eta a pou Dlo Pwòp la \(Clean Water State Revolving Fund, CWSRF\)](#) ak [Fon Woulman Eta a pou Dlo Potab \(Drinking Water State Revolving Fund, DWSRF\)](#) ak sibvansyon yo te deja anonse konfòmman ak pwogram WIIA. Se EFC ki administre finansman BIL pou enfrastrikti dlo ak egou atravè pwogram Fon Woulman Eta a (State Revolving Funds).

Pwojè dlo pwòp yo:

- **Vil Auburn nan Konte Cayuga** - sibvansyon 25,000,000 dola, 41,491,103 dola finansman san enterè, ak 16,491,102 finansman BIL nan to mache a; ak yon sibvansyon 9,000,000 dola WIIA pou planifikasyon, konsepsyon, ak konstriksyon amelyorasyon byosolid ak pwosesis dlo ize nan izin tretman dlo ize vil la pou diminye evènman debòdman egou yo nan basen vèsan Great Lakes la.
- **Vilaj Broadalbin nan Konte Fulton** - 220,625 dola san enterè ak 220,625 dola finansman CWSRF pou planifikasyon, konsepsyon, ak konstriksyon dezenfeksyon efliyen izin tretman dlo ize pou amelyore kalite dlo nan Kenyetto Creek.
- **Vilaj Canisteo nan Konte Steuben** - 3,302,250 dola san enterè ak 1,000,000 dola finansman CWSRF nan to mache a; ak yon sibvansyon 1,097,750 dola WIIA pou planifikasyon, konsepsyon, ak konstriksyon amelyorasyon izin tretman dlo ize pou amelyore kalite dlo nan Rivyè Canisteo a.
- **Vilaj Gouverneur nan Konte St. Lawrence** - Sibvansyon BIL 292,250 dola pou planifikasyon, konsepsyon, ak konstriksyon dezyèm faz amelyorasyon sistèm koleksyon sou Dorwin Street pou amelyore kalite dlo nan Rivyè Oswegatchie.
- **Vil Little Falls nan Konte Herkimer** - sibvansyon 3,551,000 dola ak 2,069,000 dola finansman san enterè nan men BIL; 1,000,000 dola finansman CWSRF nan to mache; ak 1,890,000 dola sibvansyon WIIA pou planifikasyon, konsepsyon, ak konstriksyon amelyorasyon izin tretman dlo ize pou pwoteje kalite dlo Rivyè Mohawk la.
- **Vilaj Painted Post nan Konte Steuben** - 1,436,877 dola san enterè ak 455,206 dola finansman CWSRF nan to mache a; ak yon sibvansyon WIIA 207,917 dola pou planifikasyon, konsepsyon, ak konstriksyon amelyorasyon nan izin tretman dlo ize vilaj la pou pwoteje kalite dlo nan Rivyè Chemung la.
- **Vilaj Port Leyden nan Konte Lewis** - sibvansyon 356,500 dola ak 201,380 dola finansman san enterè nan men BIL; 176,870 dola finansman san enterè ak 356,500 dola sibvansyon nan CWSRF; ak yon sibvansyon 178,250 dola WIIA pou planifikasyon, konsepsyon ak konstriksyon amelyorasyon sistèm koleksyon ak tretman dlo ize pou amelyore kalite dlo Rivyè Black la.

- **Vil Thompson nan Konte Sullivan** - sibvansyon 13,012,000 dola ak 14,358,967 dola finansman san enterè nan men BIL; 1,000,000 dola finansman CWSRF nan to mache a; ak yon sibvansyon 6,383,930 dola WIIA pou planifikasyon, konsepsyon, ak konstriksyon amelyorasyon nan Izin Tretman Dlo Ize Kiamesha Lake pou pwoteje kalite dlo nan Kiamesha Creek, yon kouran twit nan Basen Rivyè Delaware a.
- **Vilaj Vernon nan Konte Oneida** - 10,420,000 dola finansman CWSRF san enterè ak yon sibvansyon 2,406,000 WIIA dola pou planifikasyon, konsepsyon, ak konstriksyon amelyorasyon izin tretman dlo ize pou amelyore kalite dlo Sconodoa Creek la.
- **Konte Westchester** – Finansman pou kat pwojè:
 - Finansman CWSRF 13,503,000 dola san enterè ak 13,503,000 dola nan to mache a; ak yon sibvansyon 2,029,400 dola WIIA pou planifikasyon, konsepsyon, ak konstriksyon ranplasman motè ak souflez nan Izin Tretman Dlo Ize Yonkers Joint la pou pwoteje kalite dlo nan Rivyè Hudson lan.
 - Finansman CWSRF 10,373,895 dola san enterè ak 10,373,894 dola nan to mache a; ak 6,203,611 dola sibvansyon WIIA pou faz IV ranplasman ekipman chofaj, vantilasyon ak èkondisyone, ak amelyorasyon kontwòl odè nan Izin Tretman Dlo Ize Yonkers Joint la pou pwoteje kalite dlo nan Rivyè Hudson lan.
 - 3,666,875 dola san enterè ak 3,666,875 dola finansman CWSRF nan to mache a pou reparasyon ak amelyorasyon nan sistèm segondè Izin Tretman Dlo Ize Yonkers Joint la pou pwoteje kalite dlo nan Rivyè Hudson lan.
 - 3,759,165 dola finansman san enterè ak 3,759,164 dola WSRF nan to mache a; ak yon sibvansyon WIIA 2,970,600 dola pou planifikasyon, konsepsyon, ak konstriksyon reparasyon sistèm egou nan Peekskill, Ossining, Yonkers Joint, Blind Brook, Mamaroneck, ak Distri Egou Sanitè New Rochelle la pou pwoteje kalite dlo nan Rivyè Hudson ak Long Island Soud.

Pwojè Dlo Potab:

- **Vil Batavia nan Konte Genesee** - Sibvansyon WIIA 2,207,580 dola pou amelyorasyon nan izin tretman dlo ize vil la pou amelyore operasyon, antretyen, ak kalite dlo.
- **Vilaj Bath nan Konte Steuben** - 6,000,000 dola finansman DWSRF ak yon sibvansyon 3,000,000 dola WIIA pou enstalasyon apeprè 18,000 pye nouvo konduit dlo ak ranplasan ak lòt ekipman ki asosye sou wout Eta 54 ak 415 ki pral pèmèt vilaj la founi yon rezèv dlo adekwa pou rezidan yo epi amelyore rezistans ak sekirite sistèm ki egziste deja a.

- **Vilaj Garden City nan Konte Nassau** - Sibvansyon WIIA 3,000,000 dola pou konstriksyon yon nouvo sistèm tretman pwosesis oksidasyon avanse pou retire 1,4 dyoksàn nan Pi No. 9 ki pral amelyore kalite dlo ak rezèv dlo.
- **Vil Gloversville nan Konte Fulton** - 750,334 dola san enterè ak 1,500,666 dola finansman DWSRF nan to mache a; ak yon sibvansyon 3,000,000 dola WIIA pou konstriksyon yon nouvo estasyon ponpaj sipresyon nan South Eagle Street Tank, enstalasyon nouvo tiyo izolman ak tiyo soulajman presyon sou konduit transmisyon an, ak ranplasman sistèm tretman nan izin retman dlo a pou modènize sistèm yo ak amelyore bon jan kalite dlo.
- **Distri Dlo Jericho nan Konte Nassau** - Sibvansyon 6,862,200 dola WIIA pou enstalasyon yon sistèm tretman pwosesis oksidasyon avanse pou retire 1,4-dyoksà ak yon sistèm tretman kabòn aktive granilè pou retire PFOA epi amelyore kalite dlo.
- **Vil Tusten nan Konte Sullivan** - 4,500,000 dola finansman DWSRF ak yon sibvansyon 3,000,000 dola WIIA pou ranplasman yon rezèwa dlo 200,000 galon ak yon tank depo dlo 250,000 galon, amelyorasyon Etablisman Pi 1, 2, 3 ak ranplasman kondwit dlo ak ekipman yo, ak enstalasyon yon estasyon ponpaj sipresyon ak estasyon pou flòch otomatik pou abòde sistèm dlo aje vil la epi pèmèt vil la kontinye bay rezidan li yo bon jan kalite dlo pou bwè.
- **Otorite Dlo nan Konte Lwès Nassau** - Sibvansyon 5,000,000 DOLA WIIA pou enstalasyon yon sistèm tretman kabòn aktive granilè nan Estasyon No 15 pou retire PFAS ak amelyore kalite dlo.

Pwojè refiansman ki konplete yo ap reyalize ekonomi nan sèvis dèt alontèm yo

Konsèy la te pran plis aksyon pou ede asire abòdabilite kontinyèl epi alontèm pwojè ki egziste yo. Konsèy la te apwouve finansman alontèm, san enterè ki totalize 32 milyon dola pou pwojè ki sitiye nan Vilaj Clyde, Vilaj Endicott, Vilaj Gouverneur, Vil Jasper, Vilaj Malone, Vil Orleans, Vilaj Philadelphia, Vil Rosendale, ak Vilaj Sylvan Beach.

Finansman akoutèm yo bay kapital pou pwojè konsepsyon ak konstriksyon yo. Depi pwojè konstriksyon an fini, yo refiansman finansman akoutèm yo an jeneral atravè finansman alontèm pou jiska 30 ane, ki ekonomize depans enterè ki enpòtan minisipalite yo pa rapò ak pwòp finansman yo. Baze sou kondisyon aktyèl mache yo, yo prevwa ke finansman alontèm sa yo ap fè kontribiyab yo ekonomize yon estimasyon 41 milyon dola nan peman enterè sou tout dire lavi finansman yo.

Angajman New York pou Kalite Dlo

Eta New York kontinye ogmante investisman lidè nasyonal li yo nan enfrastrikti dlo, ki gen ladan 325 milyon dola nan opòtinite sibvansyon WIIAki te disponib nan mwa janvyè. Gen plis finansman sibvansyon disponib kounye a atravè [pwogram Pwojè Amelyorasyon Kalite Dlo](#) DEC la ak nouvo [pwogram Sibvansyon pou Rezistans Vèt la EFC](#) a. Avèk 500 milyon dola ki atribye pou enfrastrikti dlo pwòp nan Bidjè 2024-2025 ki adopte ke Gouvènè Hochul te anonse a, New York ta investi yon total 5.5 milya dola nan enfrastrikti dlo ant 2017 ak ane sa. Inisyativ Eta Leta Gouvènè Hochul la ap ede asire kowòdinasyon kontinyèl ak gouvènman lokal yo epi asire kominote yo ka pwofite

investisman sa yo. Gouvènè a te ogmante sibvansyon WIIA pou pwojè dlo ize soti nan 25 a 50 pousan nan depans pwojè elijib nèt yo pou pi piti kominote yo. Gouvènè a te elaji Ekip Asistans Kominotè (Community Assistance Teams, CAT) EFC yo tou pou ede ti kominote riral yo ak kominote ki defavorize yo pwofite finansman sa a epi adrese bezwen enfrastrikti dlo pwòp yo. Yo ankouraje nenpòt kominote ki bezwen èd ak enfrastrikti dlo li yo pou kontakte EFC nan <https://efc.ny.gov/CAT>.

Finansman sa a se anplis lòt gwo investisman nan kalite dlo, ki gen ladan Lwa sou Obligasyon pou Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Ekolojik (Clean Water, Clean Air and Green Jobs Environmental Bond Act) 2022 4.2 milya dola elektè yo apwouve ki ap fè nivo finansman istorik la avanse pou modènize enfrastrikti dlo ki ansyen epi pwoteje kalite dlo, ranfòse kapasite kominote yo pou yo reziste kont gwo tanpèt ak inondasyon, redwi polisyon nan lè a epi diminye emisyon ki chanje klima yo; retabli abita yo epi prezève espas deyò ak fèm lokal yo. Premye faz finansman nan kad Lwa sou Obligasyon Anviwònmanal la te akòde atravè pwogram WIIA/IMG nan mwa desanm, lè Gouvènè Hochul te anonse 479 milyon dola nan sibvansyon pou 156 pwojè atravè Eta New York, enkli 309 milyon ke yo mete disponib pou kominote defavorize yo. Kominote defavorize yo pral resevwa omwen 35 pousan nan benefis finansman Lwa sou Obligasyon an, avèk yon objektif 40 pousan.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)